



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PÒTAY LA OUVRI KOUNYE A POU  
FINANSMAN FEDERAL ADISYONÈL 30 MILYON DOLA POU ELAJI  
PWOGRAM GADRI AKTYÈL YO NAN PWOBLÈM DEZÈ GADRI YO**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke [pòtay](#) la ouvri kounye a pou aplike pou 30 milyon dola nan finansman sibvansyon federal adisyonèl pou pwogram gadri aktyèl yo nan zòn nan eta a ki pa gen ase plas nan gadri, ke yo konnen kòm dezè gadri. Fon yo, ki fè pati inisyativ dezè gadri 100 milyon dola ki apwouve nan Bidjè Adopte Ane Fiskal 2022 a, ap disponib atravè Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) an epi se Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York ki pral administre li.

"Kòm yon jèn manman, mwen te kite travay mwen akòz mank aksè nan gadri, kidonk mwen konnen kijan sekou sa enpòtan pou paran k ap travay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede elaji disponiblite gadri bon kalite pou Nouyòkè yo epi retire dezè gadri yo nan tout Eta New York. Avèk envestisman istorik 7 milya dola nou an nan gadri nan kad Bidjè Eta a, nou pral kontinye bay paran yo sipò ki nesèsè anpil nan kad rekiperasyon ekonomik nou an".

Sibvansyon yo pral ede founisè gadri aktyèl yo ki nan zòn defavorize yo epi demann pou aplikasyon (RFA) yo gen de pati. Premye a konsantre sou elaji gadri nan sant gadri lajounen aktyèl yo ak pwogram gadri pou timoun ki gen laj pou lekòl, avèk finansman bonis pou plas sa yo ki espesyalman deziyen pou tibebe/timoun piti ak/oswa timoun ki gen bezwen espesyal. Dezyèm pati RFA a konsantre sou elaji kalite gadri espesifik yo nan ti sant gadri aktyèl yo, pwogram gadri pou fanmi ak pwogram gadri pou fanmi an gwoup - ke enskripsyon aktyèl yo anba kapasite yo - espesyalman pou tibebe/timoun piti oswa timoun ki gen bezwen espesyal oswa si pwogram lan vle elaji pou enkli lè ki pa tradisyonèl yo.

Depans ki otorize yo gen ladan depans pou devlopman pwogram nan ak depans operasyonèl pou pwogram akoutèm yo, sa gen ladan:

- Depans pèsonèl yo, sa gen ladan peman, salè oswa konpansasyon anplwaye similè, avantaj anplwaye, depans retrèt ak depans edikatif
- Sipòte depans pou anplwaye pou jwenn aksè nan vaksen COVID-19
- Lwaye oswa peman kèk ipotèk ak sèvis piblik

- Depans pou fòmasyon ak asistans teknik, sa gen ladan devlopman pwofesyonèl, fòmasyon nan biznis ak sèvis komèsyal

Founisè yo ka klike [isit la](#) pou plis enfòmasyon sou RFA. Yo pral kòmanse akseptè aplikasyon sibvansyon yo apati 20 jiyè 2022 jiska 24 out 2022, avèk anons prim lan ki prevwa pou septanm.

Bidjè Ane Fiskal 2023 a genyen ladan l yon investisman istorik pou elaji aksè nan gadri bon kalite pou sipòte timoun ak fanmi yo epi ede estimile rekiperasyon ekonomik kontinyèl Eta New York. Li enkli yon investisman 7 milya dola san presedan sou kat ane epi ogmante limit elijibilite revni pou sibvansyon pou gadri yo nan out 2022 jiska 300 pousan estanda revni eta a (83,250 dola pou yon fanmi kat) - k ap elaji elijibilite pou plis pase mwatye jèn timoun yo nan Eta New York.

**Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la, Sheila Poole, te deklare,** "Sibvansyon sa yo sipòte plis founisè gadri nou yo, ki se poto mitan endistri a, epi mete aksan sou enpòtans aksè nan gadri pou fanmi ki gen timoun piti, tibebe ak timoun ki gen bezwen espesyal ak sila yo ki bezwen kouvèti pandan lè ki pa tradisyonèl yo".

Pou opòtinite finansman sa, dezè gadri yo defini kòm sektè resansman kote gen twa oswa plis timoun ki gen mwens pase senk ane pou chak espas gadri disponib oswa pa gen okenn espas gadri disponib nan sektè a. Sou baz kritè sa a, plis pase 60% nan Eta New York konsidere kòm yon dezè gadri. Tout sektè resansman yo nan Eta New York te katografye an fonksyon kantite plas ki disponib ak founisè gadri potansyèl yo kapab revize [kat sou dezè gadri](#) a pou disène lokal apwopriye yo. N ap jwenn plis enfòmasyon sou elijibilite ak kondisyon sibvansyon an nan [RFA](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)